ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЕЙ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№243 (21.651) ● 2009 гъэм дыгъэгъаз3эм (декабрым) и 24, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

«Электрон правительствэм» инвесторхэр къришэлIэнущ

Медведев Дмитрий и унафэм щIэту Мэзкуу щекIуэкIа зэлуIэм - Къэрал Советымрэ УФ-м и Президентым деж Урысей Федерацэм хъыбарегъащIэ жылагъуэм зыщегъуэжьынымкIэ щыIэ Советымрэ я зэхьхьэм - Къэбэрдей-Балъкъарым и Дзыхьэ Къанокъуэ Арсен хэтащ.

ЗЭУЩIЭМ нэхъыщхьэу щытепсэлъыхьащ «электрон правительствэр» хьыхьэу, къэрал Iуэхутхьэбзэхэм я Iэнатlэм иджыдрей хъыбарегъащIэ технологиехэр хэпщIыным и Iуэхум.

Къэралым и УнафэщIым игъэбелджылащ мы зэман гъунэгъум икIэщIыпIэкIэ зэфIахьын хуей Iуэхугъуэ зыбжанэ. Апхуэдэщ электроннэ Iэмалкlэ ящIэ Iуэхутхьэбзэхэм зы щIыкIэм тету хуэкIуэныр, нормативправовой лъабжьэм дяпэкIи зегъэужьыныр, щIыналъхъэм «бжыгъэр къызэрыщагъэсэбэп щIыкIэм хэлъ зэхуэмыдэныгъэр» кьызэнэкIыныр, къэрал, муниципальнэ хъуле-къущIэхэр компьютерым хуегъэджэныр.

Президентым властым и щIыналъэ органхэм пщэрылъ ящищIащ хъыбарегъащIэ жылагъуэм зэрызрагъэужьыну щIыкIэмрэ электрон правительствэр зэрэуб3ыхунымрэ теухуа езыхэм я планхэр ягъэхьэзырыну, электроннэ Iэмалкlэ ящIэ Iуэхутхьэбзэхэм щыхуэкIуэкIэ нэхъыщхьэу зытращIыхьынухэр ягъэбелджылыну. Медведев Дмитрий къыхилъхьащ властым и щIыналъэ органхэм я лъэныгъэр зыхуэдэр къыщапщытэкIэ хъыбарегъащIэ технологиехэр къагъэсэбэпыну.

Канокъуэ Арсен кьелытэ электроннэ Iэмалкlэ тхылъхэр зехьэн щIадзэмэ, абы республикэм инвесторхэр кьришэлIэнч.

- Жылагъуэмрэ властым и органхэмрэ я коммуникацIэ Iэнатlэхэр зэрыщыту иджыдрей щытыкIэм хуэмыкIуауэ экономикэм зыпхуегъэужьыныкъым. Хьэрычэт Iуэхум дежкIэ зэманыр нэхъ лъапIэ дыдэхэм ящыщщ икIи абы кьахудэзыгъаху псори ягъэнэхьапэ, - яжриIащ Кьанокъуэ Арсен журналистхэм зэIуIэ нэужьым.

Апхуэдэу абы кьыхирэщIащ властым и органхэм электроннэ Iэмалкlэ тхылъхэр щызэрахьэ сыт хуэдэ къэралми, рынкым хьахьэмуи хэмыхьэнуми ехьэлIауэ, инвесторхэм щытыкIэфI кьызэрыхуэзэрагъэпэщыр.

ХЬЭПЭ Марин3,
КЪР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэм и лъжьакIуэ.

● Щ1эблэ

«Ипщэ вагъуэу» мэлыд я зэчийр

Дыгъэгъаз3эм и 22-м Налшык дэт Сабий творчествэмкIэ республикэ унэм щекIуэкIащ «Ипщэ вагъуэ» зыфIаща сабий творчествэмкIэ фестивалыр. КЪР-м и эстрадэм и артист щIэрыIуэхэм я гъусэу абы и утыкум кьихьащ ди щIыналъэм и школ-интернатхэм я гъэсэн зэчийфIэхэр.

ЗИ ГУР утIипщэ, гъащIэр зыдIэIэфI сабийхэм екIуу зыкъыщагъэльэгъуащ фестивалым. Иужькl3 ахэр ирагъэплъащ республикэм и щIалэгъуалэ псапащIэ гупхэм ятеухуа документальнэ фильм.

Iуэху дахэр кьызэрэзэпэщынымкIэ щIэгъэкьуэн хьауащ жылагъуэ, бизнес зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэр. Апхуэдэхэт, кьэбгъэльагъуэмэ, «АвтоТур-Группп», «Анкар», «Псори инки зэуэ», «Бора-вижн» Iуэхущ1апIэхэр, «Клаунс» шоу гупыр, «Прайд» продюсер центрыр, «М-Драйв», «Мы лэжь», «Урысейм и щIалэгъуалэ жыджэрагъыр» жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр. Iуэху дахэм хэльхьэныгъэ хуащIащ «Урысей щIалэгъуалэм я союз»-м КЪР-м щиIэ кьудамэмрэ «АМРА» лъэпкъ фондымрэ.

Фестивалым кьрикIуаIэхэр кьапщытэжа нэужь, мурад ящIащ 2010 гъэм кьриубыдэу апхуэдэ псапащIэ Iуэхуэхэм иджыри пащэну, абы теухуа программэ щхьэхуи зэхагъэуэвэну.

ДЖЭРИЙ Расул.

● Прохладнэ куей

ГъуэгуфIыр шынагъуэнщагъэм и щэсыпIэщ

«2007 - 2012 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъарым и гъуэгухэм шынагъуэнщагъэр зыкъыщыгъэгъагъэнэм щIыкIэр гъэлъэныр» республикэ программэ хуэдэм и фIыгъэкIэ, Прохладнэ муниципальнэ районым и жылагъуэхэм я уэрамхэм щыщу метр 1560-м, утыкуу метр зобгъуэзнатIэ 7750-м мы зэман гъунэгъум асфальт тралъхьэнущ.

ПРИМАЛКИНСКЭ, Винограднэ къуажэм ЩIалэгъуалэм, Мамырыгъэм я щIэкIэ Iуэрыгъэм я гъэгугъэр республикэ бюджетым и хьэкъкIэ кьагъэщIэрэщIэжынущ.

Сом мелуани 3-рэ мини 161-рэ и уасэ а лъэныгъэхэр иригъэкIуэкIынущ «Стройградсервис» ООО-м.

ЛУПЫРЁВЭ Ирин3.

Дызэрыт мазэм и кIэухым КЪР-м и Правительствэм и Унэм мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэху зыбжанэ щекIуэкIынущ.

Илъэсыщ1эм зыхуагъэхьэзыр

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ и 25-м республикэм и Iэтащхьэ Кьанокъуэ Арсен «ЕгъэджэныгъэI» лъэпкъ проектым хиубыдэу щIэлъэгъуалэ зэчийфIэхэм защIэгъэкъуэныкIэ саугъэтыр цIыху 36-м яритыжынущ.

Апхуэдэу КЪР-м и Правительствэм и Унэм дыгъэгъазэм и 29-м цIыхьэхуэсынущ кьэралым и дамыгъэхэр зыхуагъэфэща гупышхуэ. Республикэм и цIыху 60-м КЪР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен федеральнэ, республикэ тхылъхэмрэ дипломхэмрэ яритыжынущ .

Дыгъэгъазэм и 31-м Къэбэрдей-Балъкъар Республикэм и Президентым кьызэригъэпэщыну Илъэсыщ1э зэIущIэм курыт школхэм я класс нэхьыжьхэм фIы дыдэу щеджэхэм ящыщу цIыхуи 120-рэ кьиригъэблагъэнущ. Мы гуфIэгъуэр ираГъэкIуэкI Президентым и щхьэгъусэ Кьанокъуэ ФатIимэ и дэIепыкъуныгъэкIэ.

А псоми кьадэкIуэу, дызэрыт илъэсым и иужьрей тхьэмахуэм Налшык кьалэм нэгуэшужь программэ зыбжанэ щыIэнущ. Кавказ Индхъэрэм и эстрадэм и артист щIэрыIуэхэр хэту Музыкэ театрым щIэгъэзащIэ и 25-м щекIуэкIынущ «Кавказ-хит» концертыр. А махуэ дыдэм Куличев Кьайсын и щIэр зезыхьэ Къэралбалъкъэр драмэ театрым игъэлъэгъуэнущ «Бажэмрэ якъэзымырэ» спектаклым и премьерэр.

Къэрал концерт гъэлъэгъуэнIэм дыгъэгъазэм и 27-м сабийхэм папщIэ кьащIэзэрагъэпэщынущ «Илъэсым и таурыхъ нэхьыщхьэ» нэгуэгъуэжь Iуэхур. Дыгъэгъазэм и 29-м щыщIэдзауэ щIыпIым и 5-м нэсыху Профсоюзхэм щэнхабзэмкIэ я унэм республикэ илъэсыщIэ псейм и гуфIэгъуэр щагъэлъэпIэнущ.

Илъэсыщ1э жэщым Налшык кьалэм Абхъазым и цIэр зезыхьэ и утым гуфIэгъуэ концертышхуэ щекIуэкIынущ.

ТОЛАСОВЭ Екатерин3.



Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** трихащ.

● Дыгъуасэ

ПащIэ Бэчмырзэ и пшыхь

Налшык дэт Къэрал киноконцерт гъэтъэгъуапIэм дыгъуасэ щекIуэкIащ къэбэрдей литературэм, гъэпкъ тхьбзэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа, усакIуэ-уэрэдыс ПащIэ Бэчмырзэ къызэралъхьэ илъэси 155-рэ зэрэныкъум теухуа пшыхь дахэ.

ЗЭIУЩIЭР иригъэкIуэкIащ КЪР-м и Парламентым и Унафэщ1 **Чеченов Ануар** Абы пшыхьым къызэIуихри, КЪР-м и Президентым, Парламентым, Правительствэм кьабгъэдэкI фIэхъускIэ захуигъэзащ мы Iуэхум теухуауэ республикэм кьыхеблэгъа хьэщIэхэм зэIущIэм кьрихьэлIа псомк.

Адэкlэ абы япэу псалъэ иритащ КЪР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Фыз Руслан.** Ар тепсэлъыхьащ ПащIэ Бэчмырзэ и гъащIэмрэ и лэжьыгъэмрэ, лъэпкъ щэнхабзэм абы хуища хэпхьэныгъэр зыхуэдэм.

Апхуэдэу зэIущIэм кьыщыпсэлъащ КЪР-м и цIыхубэ усакIуэ **Зумакуловэ Танзиля**, республикэм и Тхакlуэхэм я союзым и правленэм и тхьэмадэ **КхъуIуфэ Хьэчим**, КЪР-м и Композиторхэм я союзым и правленэм и унафэщIым и къуэдзэ, ПащIэ Бэчмырзэ и пхъурылъху **ХьэIупэ ДжабрэIил,** Ставрополь крайм, Къэрэшей-Шэрджэс, Къалмыкъ, Дагъыстан республикхэм я Тхакlуэхэм я союзхэм я лIыкIуэхэр. Ахэр псори гуапэу тепсэлъыхьащ ПащIэм и гъащIэм, и гуащIэм икIи адыгэ лъэпкъыр зэрыгушхуэ усакIуэм хиша лъагъуэм ирикIуэн щIэблэ кьыштщIэхьэну зэрагуапэр кьыхагъэщащ.

Пшыхьым и етIуанэ IыхьэР театр теплъэ нIэу екIуэкIащ, абы хэтащ къэбэрдей драмэ театрым и артистхэр, республикэм и уэрэдзIыкIуэхэр, къэфакIуэ гупхэр.

Пшыхьым кьыщапсэльамрэ щагъэльэгъуамрэ теухуа тхыгъэ ди газетым и кьыдэкIыгъуэхэм ящыщ зым тетынущ.

ИСТЕПАН Залин3.



● Шэрэдж куей

Псэупlэ сертификатхэр - унагъащIэхэм

2009 - 2010 гъэхэм тещIыхьа «ПсэупIэ» федеральнэ программэ хэхам «Унагъащ1эхэр псэупIэкIэ кьызэрагъэпэщын» и программэ гуэдзэм ипкъ иткIэ, мы гъэм и пэхэм Шэрэдж районым унагъуэ ныбжьыщIэу 37-м псэупIэ сертификатхэр щратащ.

МЫ МАХУЭХЭМ апхуэдэ тхылъхэр яIэрыхьащ Балъкъэр Ипщэ, Бабугент, Зэрэгъыж, Жэмтхьэлэ, Жэмтхьэлэ Ипщэ жылагъуэхэм щыщу унагъуэ 14-м. Зым бынт 5, адрейм 6 щагI. Боджет зэмылIужьыныгъуэхэм кьыхэкIыу сом мелуани 3-рэ мин 815-м нэблагъэ а Iуэхум хухахащ.

УЯНОВ Заурбэч.

Олимпиадэм ирихьэлIэу

АДЫГЕЙ. *2014 гъэм Сочэ щекIуэкIыну ЩIымахуэ олимпиадэм ирихьэлIэу Адыгейм и мурадри бгы-лыжэ комплексу 4 щухуэну. Абы текIуэдэнущ сом мелярди 4,7-рэ хуэдиз.*

ПРЕЗИДЕНТ ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий зэрыжиIамкIэ, республикэм ухуэныгъэхэр щрагъэкIуэкIынущ «Оштен», «Партизанский», «Лъагъуэныкъуэ», Железняков и губгъуэм. Абы текIуэдэнэу мылькур инвестицэ ахьыпэу щытынущ, бюджетым щыщ хэмыхьэу.

Экономикэ зэпыщIэныгъэхэм зрагъэубгъуну кьыхураджэ

АБХЪАЗ. *Тыркуэм Экономикэ къэхутэныгъэмкIэ и фондым Анкара кьыхуриджащ Абхъазым нэхъ жыджэру дэлэжьэну, я зэхущытыкIэхэм зрагъэужьыжыну.*

ФОНДЫМ игъэхъэзыра тхыгъэм кьызэрызэщыщкIэ, Тыркуэм и бжэхэр Абхъазым хуэзIуихьэм, экономикэ зэпыщIэныгъэхэм зрагъэужьын, тенджыз ФIыцIэм Iус къэралхэм я зэгухьэныгъэм кьыхэщэн хуейщ. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэмкIэ зэрымыарэзыр иджыблагъэ жиIащ Куржым и къэрал министр Якобашвили Тимур. Абы кьыхигъащащ Тыркуэм щыпсэу адыгэхэмрэ абхъазхэмрэ ар кьаэрыбгъэдэкIыр, атIэ Анкара и унафэщIхэм апхуэдэ гупсысэхэр зэрамылэр.

Фондым и унафэщI Саки Гьювер я къэхутэныгъэм экономикэ лъабжьэ фIэкIа политикэ Iуэху зэрыхэмытым кьудыкъущIэхэм гу лъагирэтащ.

Хьыбар зэрыщыIамкIэ, Абхъазым и Президент Бэгъэпщ Сергей Тыркум мыгувэу щыпсыхьэщIэнущ.

Республикэм и дамыгъэхэр

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭСИМ. *Къэршей-Шэрджэсым и хэщIапIэу Москва щыIэм республикэм и президент Эбзеев Борис къэрал дамыгъэхэр иджыблагъэ щаритащ щIэныгъэлIхэмрэ еджагъэшхуэхэмрэ.*

КЪЭРЭШЕЙ-Шэрджэсым щIыхь зиIэ и экономист щIэлъапIэр хуагъэфэщащ Урысей къэрал мэкъумэщ университетым и профессор Агыирбэ Юрэ, республикэм щIыхь зиIэ и хуэдэ Iуэхуэ дамыгъэр иратащ «Спорт программэхэмкIэ щIэблэщIэ» спорт объектхэр ухуэныкIэ псапащIэ фондым (Москва) и унафэщI Гришкин» Нинэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙОлег.

● Щ1алэгъуалэ зэхуэс

Зэкъуэтыныгъэмрэ мамырыгъэмрэ хущIокъу

Дыгъэгъазэм и 22-м Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм щекIуэкIащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ис лъэпкъхэм яку мамырыгъэрэ зэгурыIуэныгъэрэ дэлъын папщIэ» республикэпсо щIалэгъуалэ зэхуэс.

АР КЪЫЗЭГЪЭПЭЩЫНЫМ жэрдэмщIакIуэ хуэхъуащ **ЩIыхьмырзэ Анзор, Этезов Мухьэмэд, Гопкалов Андрей** сымэ. Абыхэм кьрахьэжьа Iуэху щхьэпэр даIыгъыу зэIущIэм кьекIуэлIащ, студентхэр, Iэнатlэ зэхуэмыдэхэм пэрыт щIалэгъуалэр, щэнхабзэм, гъуазджэм, щIэныгъэм, спортым екъулIэныгъэшхуэхэр щызыIэрызыгъэхьа цIыху цIэрыIуэхэр, кьуажэдэсхэр, щIалэгъуалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, парт, лъэпкъ, дин зэмылIужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэр, депутат ныбжьыщIэхэр, зэкъуэтыныгъэм, мамырыгъэм хущIэкъу нэгъэщI щIалэхэмрэ хьыджэбзхэмрэ.

ЗэIущIэр кьызэIуихри, абы кьрихьэлIа псоми фIэхъус псалъэкIэ захуигъэзащ, зэхуэсым и мурад нэхъыщхьэри утыку кьрихьащ Щыхьмырзэ Анзор.

- Ди гур зэIухауэ кьытлыкьыкъэкIа гугъуехьэм дытепсэлъыхьынырщ, абыхэм я хэкIыпIэхэр дубзыхунырщ нобэрей зэхуэсым лъабжьэ хуэхъуар, - жиIащ Щыхьмырзэм. - Иужьрей зэманым, нэхъ пэжу жыпIэмэ, 131-нэ федеральнэ законыр кьызэращтэрэ, языныкIуэу кьызэщIэгъэстакIуэхэр иужь ихьащ лъэпкъ зэпэщIэувэныгъэ, зэрыкъэзрий рельефыкэм кьыщыIэтыным. Ауэ зи гугъу тщIы законым ипкъ иткIэ, Iуэхур зэрауб3ыхуам цIыхубэр арэзы зэримыщIыр зыIэзгъуэ унафэщIхэм Зэгурызыгъэ1уэж комиссэ кьызэрагъэпэщащ лъэпкъ зэмылIужьыгъуэхэм, республикэм щызэхэт жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр, депутатхэр хэту. Ар кьамылъытэу властымкIэ мыварэзы гупым Iуэхур нэхъ кIуэ ящIауэ, я мурадхэр зэрыпхагъэкIыным иужь итщ. Дэ, мы зэIущIэм и кьызэгъэпэщащIуэхэм, КЪР-м и хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэр кьэдгъэсэбэпу, республикэм и щIалэгъуалэр щызэхуэтшэсар ди кьару псори зэхэтлъхьэу апхуэдэ кьызэщIэгъэстакIуэхэм гъунэгу едмытыныщ. Шы и дежкIи щэхуэным а жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я щIыбагъ цIыху щхьэхуэхэр кьызэрыдэтыр, езыхэм я политикэ гупсысэ мышухэр ягъэкIуэтэным щIэхъуэпсу. Ахэращ абыхэм мылъкIэ закъыщIэзыгъакъуэри.

Ди иджыри тщыгъупщэжакъым илъэс зыбжанэкIэ уэрIэбэкIыжмэ, ди щIалэгъуалэм лэжьыгъэ ямыгъэуту, Iуптхьэм Iэнатlэ зэщIищтауэ, республикэм щIыхуэшхуэ телъу зэрыщытар. Нобэ, ди гуапэ зэрыхъущи, КЪР-м и Президент Кьанокъуэ Арсенрэ абы и гупымрэ я фIыгъэкIэ ди цIыхухэм я псэукIэм фIы и лэныкъуэкIэ зихъуэжащ. Мыбдеж кьрихьэлIащ щэнхабзэм, гъуазджэм, щIэныгъэм, спортым екъулIэныгъэхэр щызыIэрызыгъэхьа, республикэр мыхьэу, кьэралым и щIэр дуней псом щызыгъэIуа ди щIалэхэр, ди лъахэм и зыужьыныгъэм хуэлажьэу Iэнатlэ зэрыз пэрыт цIыхухэр. Си гугъэщ дэ дыдэхъуэвэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым зэкъуэтыныгъэмрэ мамырыгъэмрэ щытхъумэфыну, ар зи нэ кьыщIэхъуэхэм зэран дахуэхьуфыну.

Адэкlэ Щыхьмырзэр кьытеувIащ щхьэж и щхьэ Iуэху зэрихуэжурэ республикэм и жылагъуэ политикэ щытыкIэр щыхупIэм зэрыпэсар, ар кьэрэуувIэным псори – зыщыщ лъэпкъым емылытауэ, яIэ политикэ еплъыкIэм темыщIыхьауэ - зэкъуэувэу хуэлэжьэн зэрыхуейр. ЛъэныкъуэкIэ кьыщыту я адэжь лъэхэр зэрагъэуфыним ядэкlэ кьызэремызэгъыжынур кьыхигъащащ Анзор.

КЪБР-м спортымрэ туризмэмкIэ и министрым и къуэдзэ, «Спартак-Налшык» футбол клубым и спорт унафэщI **Заруцкий Александр** псалъэ щратым жиIащ иужьрей илъэсым щIалэгъуалэр уэрамым кьыдэшынымкIэ, спортым дегъэхьэхьнымкIэ республикэ унафэщIэм Iуэхугъуэ пыухьклаxэр зэрырагъэкIуэкIым хуабжьу арэзы кьызэрищIыр.

- Сыкъыщалъхуа, си бынхэр кьыщыхьу лъахэм пщIэшхуэ хузощI икIи абы и Iульджыр езыудыхыну зи мурад щIалэхэм яхуэздэнукъым, - жиIащ Александр. - Сэ куэдрэ кьэсгъэблагъащ нэгъуэщI кьэралхэм, щIыпIэхэм кьикIа спортсменхэр, футболистхэр, слъэгъуащ абыхэм ди республикэм и щIыуэпсым, щыпсэухэм пщIэшхуэ кьызэрыхуащIыр. Ахэр щедгъэжьэжым деж, ди цIыхухэм фIыщIэ кьыхуащIу, абыхэм я гуапагъэ я гум зэрыдыхьар яхуэмыIуатэу аращ. Кьызэрыгуэркъым, ди гъунэгъу хэм щекIуэкIа Iуэхугъуэхэр зыльэгъуащ щIалэгъуалэр зэгурымыIуэныгъэ республикэм кьихьэным щIыщIэхъуэпсыр; 2005 гъэм зэкъуэщхэр зэрызэпэщIуэвар зи нэгу щIэкIахэм кьрахуэкI Iуэху фIейхэр. Дызэрыпыгъын хуейщ, дызэпэщIувэ хъуми, ар кьыщезэгъыр футбол утыкур, бокс алэрыбгъурщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и зэкъуэтныгъэм щIэхъуэпсыр нэхъыбэщи, си фIэщ мохьу жэнэт лъахэм и пщIэр Iыгъыныр зэрытхуэзгъэкIынур.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** трихащ.

● Щ1эблэ

«Ипщэ вагъуэу» мэлыд я зэчийр

Дыгъэгъазэм и 22-м Налшык дэт Сабий творчествэмкIэ республикэ унэм щекIуэкIащ «Ипщэ вагъуэ» зыфIаща сабий творчествэмкIэ фестивалыр. КЪР-м и эстрадэм и артист щIэрыIуэхэм я гъусэу абы и утыкум кьихьащ ди щIыналъэм и школ-интернатхэм я гъэсэн зэчийфIэхэр.

ЗИ ГУР утIипщэ, гъащIэр зыдIэIэфI сабийхэм екIуу зыкъыщагъэльэгъуащ фестивалым. Иужькl3 ахэр ирагъэплъащ республикэм и щIалэгъуалэ псапащIэ гупхэм ятеухуа документальнэ фильм.

Iуэху дахэр кьызэрэзэпэщынымкIэ щIэгъэкьуэн хьауащ жылагъуэ, бизнес зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэр. Апхуэдэхэт, кьэбгъэльагъуэмэ, «АвтоТур-Группп», «Анкар», «Псори инки зэуэ», «Бора-вижн» Iуэхущ1апIэхэр, «Клаунс» шоу гупыр, «Прайд» продюсер центрыр, «М-Драйв», «Мы лэжь», «Урысейм и щIалэгъуалэ жыджэрагъыр» жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр. Iуэху дахэм хэльхьэныгъэ хуащIащ «Урысей щIалэгъуалэм я союз»-м КЪР-м щиIэ кьудамэмрэ «АМРА» лъэпкъ фондымрэ.

Фестивалым кьрикIуаIэхэр кьапщытэжа нэужь, мурад ящIащ 2010 гъэм кьриубыдэу апхуэдэ псапащIэ Iуэхуэхэм иджыри пащэну, абы теухуа программэ щхьэхуи зэхагъэуэвэну.

ДЖЭРИЙ Расул.

● Прохладнэ куей

ГъуэгуфIыр шынагъуэнщагъэм и щэсыпIэщ

«2007 - 2012 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъарым и гъуэгухэм шынагъуэнщагъэр зыкъыщыгъэгъагъэнэм щIыкIэр гъэлъэныр» республикэ программэ хуэдэм и фIыгъэкIэ, Прохладнэ муниципальнэ районым и жылагъуэхэм я уэрамхэм щыщу метр 1560-м, утыкуу метр зобгъуэзнатIэ 7750-м мы зэман гъунэгъум асфальт тралъхьэнущ.

ПРИМАЛКИНСКЭ, Винограднэ къуажэм ЩIалэгъуалэм, Мамырыгъэм я щIэкIэ Iуэрыгъэм я гъэгугъэр республикэ бюджетым и хьэкъкIэ кьагъэщIэрэщIэжынущ.

Сом мелуани 3-рэ мини 161-рэ и уасэ а лъэныгъэхэр иригъэкIуэкIынущ «Стройградсервис» ООО-м.

ЛУПЫРЁВЭ Ирин3.

Зэманым декIуу

УФ-м и Президент Медведев Дмитрий Информацэм пышIа IуэхуэхэмкIэ советым и зэIущIэм кьыщыпсэльащ.

Абы кьыхигъэщхьэхуэкIащ мы Iэнатlэм екъэлIа Iэмэпсымэщ1эхэр Iуэхущ1апIэхэм нэхъ куэду кьыщагъэсэбэпын зэрыхуейр.

- Фэ псори фIыщыгъуаээу кьыщIэкIынщ 2015 гъэм ирихьэлIэу зэрыязэтраублэнум кьэрал кьулыкъущIапIэм кьыщыщтэн хуей дэфтэрыр компьютерым зэфIигъэкIыу. Мы зэманым цIыхухэм справкэ, нэгъуэщI тхылымпIэ зэмылIэужьыгъуэхэр кьыIахьи папщIэ, чэзуэм сыхьэт бжыгъэкIэ хэтщ. Электрон Iуэху зэрэщIэкIэм хуабжьу иригъэфIэкIуэнущ, щIигъэпсынщIэнущ кьэралым цIыхум хуищIэн хуей Iуэхутхьэбзэр, - жиIащ абы и лэжьакIуэм.

ЛIыкIкэр сэтей кьохъу

УФ-м и Прокуратурэ нэхъыщхьэм и СК-м и лэжьакIуэм жиIащ дыгъэгъазэм и 22-м Подольск кьалэм дин лэжьакIуэ Филиппов Александр щызыкIахэр кьызэраубыщар.

А махуэм и пщыхьэщхьэм попым зэхихащ Шехов Олег автомашинэр хуабжьу зэригъэкIийр, зыгуэрэм жьэхэуэнкIэ шынагъуэу ар кьызэрырихуэжьыр. КьыщIэкIри, щIалэм жриIащ ар кьызэрэмызэгъыр. АфIэкIа хэмылъу мыдрейр абы кIэрахьуэкIэ еуащ. Шеховыр нэхъапэм лъэхъуэщым исауэ щытащ.

Иджы дин лэжьакIуэр зыуклари абы и гуъсахэри жэуапым ирашэлIэнущ.

Къэзыгъэуахэм я нэхейкIэ

Куржым щыщ Кутаиси кьалэм блэкIа зыгъэпсэхуну махуэхэм зауIэ щыгъхьым и фэеплъыр кьызэрыщагъэуам ди къэралым и щыхуэхэр хуабжьу зэгуигъэпащ.

Москва и мэр Лужков Юрий жиIащ а фэеплъыр зэфIагъэувэжыну кьалэм и унафэщIэр зэрыхьэзырыр. Апхуэдэу жыIагъуэм щыщ цIыху цIэрыIуэхэри мы Iуэхум хьыбащ. Абыхэм жаIащ езы куржы лъэпкъым щыщхэу а фэеплъыр зэфIэзыгъэувэжыну хуейхэр мымащIэу кьызэрыкъуэкIынур.



♦Суворов Александр и унафэм щIэту урысыдзэхэм Измаил тырку быдапIэр кьыщащта махуэщ (1790). А лIыгъэм папщIэ зауэлI зыбжанэм Георгий цихьым и орденыр хуагъэфэщауэ щытащ. Ягъу ар зрата дзэхэщ Кутузов Михаил иужь иту апхуэдэ пщI э кьыхуащIат адыгэлI щэджащэ ХьэтIохьущокъуэ Исмэ.

♦Илъэс 85-рэ и пэкIэ (1924) Ленинград и радиом лэжьэн щIидзащ.

♦Мы махуэм (1961) кьаьлъхуащ Азербайджан Республикэм и президент Алиев Илхам.

♦Илъэс 485-рэ и пэкIэ лIащ Португалием щыщ кьэхутакIуэ, Европэм икIыу Индием зэрыкIуэну тенджызэ гъэзэр кьэзыгъэгъэна Васко да Гамэ (1462 - 1524).

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ, Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и лэжьакIуэ пажэхэм ящыщ **КIэхумахуэ ФатIимэ** кьыщалъхуа махуэщ.

♦**Дыгъэр кьыщIэкIынущ сыхьэти 7-рэ дакьикIэ 36-м, кьухьэжынущ сыхьэт 16-рэ дакьикIэ 30-м.**

♦**Махуэм и кIыхьагъыщ сыхьэти 8-рэ дакьикIэ 54-рэ.**

ПIалэхэр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мурэ.эмэдиц.

Лъэпкъ Iуущыгъэ:

ПIалъэ мыщIыр жыжьэщи, пIалъэ щIар къоС.

● Гу зытыгъэтапхъэ

«Ебгъуанэ ротэм и командир»

МЫ ФИЛЬМЫР теухуащ 1979 - 1989 гъэхэм Афганистаным щекIуэкIа зауэм хэта 9-нэ ротэм и командиру щытахэм ящыщ зы полковник МахуэлI Алим. Мы зэманым а лIы хахуэр, ныбжьыгъэ ныжьыр КЪР-м и ОМОН-м и Iэтащхьэщ.

Фильмыр трахащ редакторхэу Вэрокъуэ Владимир, Мартироосовэ Ринэ, оператор Карповский Владимир сымэ.

Фильмыр НТВ каналым кьыгъэлъэгъуэнущ дызыкъуэкIуэ щабэтым, дыгъэгъазэм и 26-м, сыхьэт 13-рэ дакьикIэ 25-м.

Зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэм республикэм и пощт Iуэхущ1апIэхэр зэрылэжьэнур

Дыгъэгъазэм и 31-м сыхьэт 8-м щыщIэдзауэ сыхьэт 14-м нэсыху зэхуэмыщIу лэжьэнущ 1-нэ, 2-нэ классхэм хиубыдэ пощт Iуэхущ1апIэхэр (Почтамт нэхъыщхьэм и ОПС 51-р, Искож хьэблэм щыIэ ОПС 24-р, Горнэ хьэблэм щыIэ ОПС 30-р, Стрелкэ хьэблэм щыIэ ОПС 16-р, район центрхэм щыIэ Iуэхущ1апIэ нэхъыщхьэ псори).

Щ1ышылэм и 1-р, 2-р, 7-р пощтым и Iуэхущ1апIэ псоми я зыгъэпсэхугъуэщ.

Щ1ышылэм и 3-мрэ 10-мрэ лажьэр Iуэхущ1апIэ псоми я зыгъэпсэхугъуэщ.

Щ1ышылэм и 4-м, 5-м, 8-м, 9-м пощтым и Iуэхущ1апIэ псори кьекIуэкI хабзэхэм тету мэлажьэ.

Щ1ышылэм и 1-м пощт Iуэхущ1апIэ псоми я лэжьэгъуэ зэманыр 1 сыхьэткIэ ягъэмащIэ.

Фильмыр трахащ редакторхэу Вэрокъуэ Владимир, Мартироосовэ Ринэ, оператор Карповский Владимир сымэ.

Фильмыр НТВ каналым кьыгъэлъэгъуэнущ дызыкъуэкIуэ щабэтым, дыгъэгъазэм и 26-м, сыхьэт 13-рэ дакьикIэ 25-м.

● Щ1алэгъуалэ зэхуэс

Зэкъуэтыныгъэмрэ мамырыгъэмрэ хущIокъу

Дыгъэгъазэм и 22-м Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм щекIуэкIащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ис лъэпкъхэм яку мамырыгъэрэ зэгурыIуэныгъэрэ дэлъын папщIэ» республикэпсо щIалэгъуалэ зэхуэс.

АР КЪЫЗЭГЪЭПЭЩЫНЫМ жэрдэмщIакIуэ хуэхъуащ **ЩIыхьмырзэ Анзор, Этезов Мухьэмэд, Гопкалов Андрей** сымэ. Абыхэм кьрахьэжьа Iуэху щхьэпэр даIыгъыу зэIущIэм кьекIуэлIащ, студентхэр, Iэнатlэ зэхуэмыдэхэм пэрыт щIалэгъуалэр, щэнхабзэм, гъуазджэм, щIэныгъэм, спортым екъулIэныгъэшхуэхэр щызыIэрызыгъэхьа цIыху цIэрыIуэхэр, кьуажэдэсхэр, щIалэгъуалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, парт, лъэпкъ, дин зэмылIужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэр, депутат ныбжьыщIэхэр, зэкъуэтыныгъэм, мамырыгъэм хущIэкъу нэгъэщI щIалэхэмрэ хьыджэбзхэмрэ.

ЗэIущIэр кьызэIуихри, абы кьрихьэлIа псоми фIэхъус псалъэкIэ захуигъэзащ, зэхуэсым и мурад нэхъыщхьэри утыку кьрихьащ Щыхьмырзэ Анзор.

- Ди гур зэIухауэ кьытлыкьыкъэкIа гугъуехьэм дытепсэлъыхьынырщ, абыхэм я хэкIыпIэхэр дубзыхунырщ нобэрей зэхуэсым лъабжьэ хуэхъуар, - жиIащ Щыхьмырзэм. - Иужьрей зэманым, нэхъ пэжу жыпIэмэ, 131-нэ федеральнэ законыр кьызэращтэрэ, языныкIуэу кьызэщIэгъэстакIуэхэр иужь ихьащ лъэпкъ зэпэщIэувэныгъэ, зэрыкъэзрий рельефыкэм кьыщыIэтыным.

(Кlэухыр. Пэщlэдзэр 1-нэ нап.).

Зэкъуэтыныгъэмрэ мамырыгъэмрэ хущlокъу

КъБР-м Мэкъумэщ-фермер хозяйствэмкlэ и ассоциацэм и унафэщl **Къардэнгъущ Къазбэч** и къэпсэлъэныгъэм къыхигъэщащ иужьрей зэманым республикэм къыщыхъу мыхъумыщlагъэхэм гъэзэжыгъэ зэрамылэр, Іуэхур тэмэму убзыхуным щlалэгъуалэ жьджэрхэр зэрыхэлэжьыхьпхъэр, Президентым и жэрдэмхэр дэIыгъын зэрыхуейр.

- Дз, щlым телъжьыхьхэм, дэIэпыкъунырэщхъуэ дощъуэт иужьрей илъэсхэм, гупльатэ нэхьыбэ къыхъущ хъуащ республикэ унафэщlхэм, - къыпищащ Къазбэч. - Аэрэ псыхэкlуадэ дымыщlу, унафэщlэхэр къызэрыщlыгучыщ дгъэпэжьын, езыхэмэ зыгуэркlэ защlэдгъэкъуэжьын куейщ. Пlэпкъхэр зэпэщlэзыгъэувэну иужь ихьахэм ящlэрыкъым, Іэнатlэ куэдым адыгэхэри, балъкъэрхэри, урысхэри зэрыщызэдэлажьэр, лэжьэгъу кьудей мыхъуу, зэкъуэш зэрыгъэхъуауэ къызэрыщlэкlыным, мамырыгъэ щlэнэным щхьэкlэ ди нэхъыжьхэм я пащхьэ жауап щызыхьыр дэращ. Абыхэм дызыхуагъэсакъ дытеврэщт, щыIэныгъэ тхэлъу дызэхущытыгъэт КъБР-м зэдис лъэпкъэхэм къахэкlаэр. Ди анэшхуэхэм, анэхэм, ди шыпхъуэхэм я нэпс къедмыгъэкlуэным дыхущlэвгъэкlыу.

Адэкlэ псалъэ ираташ жылагъуэ лэжьакlуэ, хьэрычэтышlэ **Ахъуэбэч Анзор**.

- Іущ гуэрым: «Политикыр сыщыщыткlэ щыхуагъэ сlэщlэкlын хуеякъым, ауэ сыщыщlыхуэ къыззэрыгуэкlкlэ сыщыуэмэ зыхуэ хуитныгъэ сиIэщ», - жиIэращ. Ди депутатхэм щыуагъэ гуэр яlэщlэкlами, щlыхуабэр абыкlэ зэрымыарэзыр къэщlа нэужь, ар зэрызэрагъэзэжьэныным иужь ихьащ. Абы ипкъ иткlэ, псалъэмакъ къыщlэтlэтын щыIэу сщlэрысым. Ди тхыдэм урилъэжмэ, зэщыIыпlэ дежи къыщыхэщыкъым адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ зэпэщlэуваурэ. Гъунэгъурэ гъуэнщэджрэ, жаIэ игъащlэми. Абы щlэлъ Іущагъырщ ди лъэпкъхэм къадэгъуэгурыкlуэр, - къыхигъэщащ къуэдзыбэчым.

Афганистаным и ветеранхэм я зэгуэхьныгъэм и тхьэмадэ **Тхьэгъэлэдж Тимур** жиIащ зэпэщlэувэныгъэмрэ зауэмрэ зы лъэпкъи насыпыр дэрэжьгъуэрэ къаззэрыкlымыкlыр.

- Пэжщ, гъащlэм узыщlихьэлlэ гуэгуехьхэр зэфIэхьхи хуейщ, пэжщ, властыр щыщlыуа щlыпlэхэр егъэлъагъэжьыпхъэщ, ауэ апхуэдэ Іуэхухэм щхьэкlэ узрамми къыдыхъэркъым. Іэщи къащтэркъым. Ар псалъэкlэ зэрагъэззэхуэж Іуэхугъуэщ. Ди республикэм мамырыгъэр щыкъэувэныр псом нэхъыбэ нэхъыщхьэу къызолытэ. Ди бынхэр щыпlэ, ди гурыпхъэр щызэдгъэхъулlэну лъэхэм зэгуэрыIуэныгъэ илъыным дыхущlэкъун хуейщ дэтхэнэ зыри, - игъэбелджылащ къэпсалъэм.

Тхьэгъэлэдж Тимур кьеджащ зи унафэщl зэгуэныгъэм къыбгъэдэкlыу зэхуэсым и къызэгъэпэщащ кlуэхэм Зэрызахуигъазэ тхылъым.

Балъкъэр щlалэгъуалэм я щlыналъэ союзым къыбгъэдэкlыну Москва къарлъэ та телеграммэм, КъБР-м и ягъэ олимп чемпион Шыхъуэ Борис кьигъэхъа тхылъ гъэм къызэхуэсасхэм къахуеджащ Щlыхьмырзэ Анзор. Абыхэм жаIэрт хэкум пэIащlэу псэуми, абы кьыщlыхъуэхэм зэрригъэпlейтейр, зэгурыIуэныгъэрэ мамырыгъэрэ КъБР-м щlыным зэрителъхьэр.

Адэкlэ утыкум къарагъэблагъащ КъБКъУ-м и егъэджакlуэ, политолог **Тэн Тимур**.

- Ящыныкъуэ щlыхь гупхэм къагурыIуэркъым, мамырыгъэкlэ узэгурыIуэмэ, зэрынэхьыбэщ. Къапщтэмэ, пlэпкъ зэхэгъэж куу щыщlыIэкъым ди республикэм, къаугъэ къэзыIэтыну хуей щlыхухэр къыкlуэкlа зэщlы мыхъумэ. Сэ сызэрепльымкlэ, нэхъ тэмэмэт абыхэм ящыщlэхэри мы зэхуэсым кьебгъэлэгъамэ, щlалэгъуалэм я нэхъыбэм я гупсысэр, гупсысэ нэхъ пэжыр зэхахамэ. Зи льэпкъ пщlэ хуэзымыщlыж, зи щlэхэр зыгъэльэхъщэну куей зыри щыIэкъым, абы ипкъ иткlэ, уи щхьэр щыбгъэсыгъ льэпкъ зэхуэгъуми и пщlэр зэрумыдыхыным иужь итыпхъэщ. Араущи, ди гупсысэр зэхэтлъхьэу, XXI лlэщlыгъуэм зыдэтщlу Іуэхур зэфIэтхыныр нэхъ сфIэкъабылщ. Си фIэщ мыбгъэу льэпкъ зэхэгъэж дымыщlу, зыр зым демыгуагъэу дызэдэпсэумэ, лъэкlыныгъэ нэхъыбэ ди унафэщlхэмэ зэрагъэнр, ди щlэр нэхъ жьыжьэ зэрыщlыгъуэр, - къыхигъэщащ Тимур.

Бизнес-инкубаторым и унафэщl **Ащхъуэт Аслъэн** къызэхэхуэсахэм гу лъаригъэтащ зауэкlэ, зэпэщlэувэныгъэкlэ Іуэхухэр зэрызэфIамыхыр.

- Шыпэныгъэ пхэлъныр, зыр зым зыщlэгъэхъуэныр гугъуехьым дз, бгырыс хабзэхэм щlапlыкlа цlыхухэм, ди дежкlэ. Ди япэ итахэм тхуаухуа зэрызкlэфIыр зэтедвмыгъэхъутэж. Зэманым дкlэуцу дыбэкъуэныбмкlэ лъабжьэфI, щlэдзапlэ хабзэныгэ диIэщ, щlалэгъуалэм я зыужьныныгъэм хуэгъэпсащ иджыпсту республикэ унафэщlхэр зэрыщlалажьэ программэмэхэм я нэхъыбэр, - жиIащ Абдулаевым. - Политикэ партхэм, жылагъуэ зэгуэныгъэхэм хэтхэр хуитщ я епlныкlэр властым деж нахьэсыну, ауэ ар зы жьпхъэ губзыхэм тетыпхъэщ, арэмыхъумэ, эрамым укъыдыкъэу пэкlу зэхэпщэныр хэкlыпlэкъым.

Дызэдаауэ, дызэбгну дыпсэужкlэ тхуэзэфIэкlынур мащlэщ, щхьэж и лжьыгъэ пэрыувэжрэ, игъащlэмэ адыгэ, балъкъэр лъэпкъхэм я кlалэгъуэкlэ хабзэхэм тету псэумэ, мис итlанэщ ди Іуэхур щефIэкlынур. Ветеран псомкlэ къабгъэдэкlыу щlалэгъуалэм захуэгъасэ: Зэдзэныр щыыгъэт, дызыгъэ щlыри, дызэфэ псыри фымыуэщ, ар псомкlэ тхурикъунущ!

Зэпущlэм щыжаIа псори кьалъытэу зохалъхьа резолюцэм и проектым Щlыхьмырзэ Анзор кьеджэри, абыкlэ зэрыарэзыр Іэлэткlэ къагъэзэгъэщащ къызэхуэсахэм.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.
Сурэтхэр
Къарей Элинэ *трихащ.*

Дыгъэгъазэм и 17-м КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и фондым зэIущlэ щекlуэкlащ. Абы япэу утыку кьыщрахащ жылагъуэ гъэжьакlуэ щlэрыIуэ, КъБР-м и экономикэм, щэнхабзэм зегъэужьным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщlа Щэджыхьэщlэ Мухьэмэд Хьэгуцыгъэ и къуэм (1923 - 1996) теухуауэ автор гупым ятха тхыльыр.

ЗЫУIЭМ кърихьэлlащ Щэджыхьэщlэм и ныбжьэгъуфIу, и лэжьэгъуэ щытахэр, и благъэзэр, Іыхьлыр. Щыху гуапэу, гуащlафIэу, и гулъытэ псоми ялыпlэсэр зэчыныкъуэ псоми ялъэгъуэныкъуэ. Хэдгъэльым, республикэм и зыужьныныгъэм хущlэхуэу дунейм тета Щэджыхьэщlэм теухуауэ жаIэн я мащlэжьым къызэхуэсахэм. Псалъэ дахэ къэдгъэлъэгу я пащтыкlыжьу, гъэпсыкlагъэрэ щыхуэгъэмрэ гъунэ зэримыIар къыхагъащу къэпсэлъахэщ пшыныхьм кърихьэлIа псори.

Зэпущlэр къызэIуихащ Налшык къалэ щlэзэхэт Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Ефэнды Джылахъстэн**. Щыху гъащlэм и нэхъ дахэгъуэ зэманым ныбжьыгъу зохъэкъури, зэкъуэш пэтыгъэу ильэс кудэкlэ къызэдекlуэжащ Джылахъстэн рэ Мухьэмэдрэ.

- Педагогикэ училищэм дыщыщlэтlыеуэсьа зэманым щегъэжьауэ дыкъызэдэгъуэгурыкlуащ Мухьэмэд сэрэ, - жиIащ Джылахъстэн. - Си ныбжьэгъу къудей мыхъуу, си анэм къуэ ищlауэ, къуэш пэлъытэ схуэхъуат ар. Сыт хуэдэ Іэнатlэ, къулыкlу зэрытами, и гъащlэр зытригъэкlуэдар зыщ - республикэм и псэуалъэ. Ар ешхуэ нэужь, Джфапlэр кънуха нэужь, Хэку зауэшхуэр хъжьейри, япэу фронтым Іухьаехэм яхэтащ ар. Абы уIэгъэ хьэпъи щыхьуауэ кьигъэзэжауэ щытащ. ВЛКСМ-м и Урожайнэ райкомым и япэ секретарэу ягъэварэ, абдеж щыщlидзащ илъэс 43-кlэ жылагъуэ-политикэ Іэнатlэхэм гуащlафIэу зэрыпсэуа щыта гупым ящыщ щlыхь псэупlэ гъэжьакlуэщхуэущ Борис Щэджыхьэщlэр игу къызэрагъэкlыжыр.

- Республикэм псэукlэщlэ щlыхьэтегъэувэныгъэ Іэнатlэ гъуэ пlыхъыкlа куэд илъэжьыр Щэджыхьэщlэ Мухьэмэд, - жеIэ абы дэлэжьа **Шурдым Юрэ**. - Сирием, Тыркум, Иорданым щlыпсэу адыгэхэм запытщlэжьыр, ахэр зэкъуэныкъмкlэ, дэ ди лъкlуэхэр дутlыпlыныкъмкlэ, тхылъ, газет, журналхэр яlэрыдгъэхъэныкъмкlэ Іэмалхэр къыщдэзыхар арщ. Мухьэмэдщ еджапlэ нэхъыщlхьэхэр, Іуэладжэмкlэ, щэнхабзэмкlэ Іуэхущlапlэ хуэхъуауэ я лъэпкъ щlэр, псэупlэ зэрыщlэзгъэсхэм ящыщщ **Зумакулов Борис**. Парт, совет унафэщl ткlийхэм я сатырхэм яхэт, Хэку зауэшхуэр нухыу къагъэзэжа нэужь, зауаем зэхихкъута щlыхьуб хозяйствэр зэфIэтэувэжьыным, политикэ, социально-щэнхабзэ унэтlыныгъэр зэтеубгъэным псэемыблэжу зезыпlащта гупым ящыщ щlыхь псэупlэ гъэжьакlуэщхуэущ Борис Щэджыхьэщlэр игу къызэрагъэкlыжыр.

- Республикэм псэукlэщlэ щlыхьэтегъэувэныгъэ Іэнатlэ гъуэ пlыхъыкlа куэд илъэжьыр Щэджыхьэщlэ Мухьэмэд, - жеIэ абы дэлэжьа **Щурдым Юрэ**. - Сирием, Тыркум, Иорданым щlыпсэу адыгэхэм запытщlэжьыр, ахэр зэкъуэныкъмкlэ, дэ ди лъкlуэхэр дутlыпlыныкъмкlэ, тхылъ, газет, журналхэр яlэрыдгъэхъэныкъмкlэ Іэмалхэр къыщдэзыхар арщ. Мухьэмэдщ еджапlэ нэхъыщlхьэхэр, Іуэладжэмкlэ, щэнхабзэмкlэ Іуэхущlапlэ хуэхъуауэ я лъэпкъ щlэр, псэупlэ зэрыщlэзгъэсхэм ящыщ щlыхь **Зумакулов Борис**. Парт, совет унафэщl ткlийхэм я сатырхэм яхэт, Хэку зауэшхуэр нухыу къагъэзэжа нэужь, зауаем зэхихкъута щlыхьуб хозяйствэр зэфIэтэувэжьыным, политикэ, социально-щэнхабзэ унэтlыныгъэр зэтеубгъэхэм я къащlэ хъуа щlэблэм ящыщым псэемыблэжу зезыпlащта гупым ящыщ щlыхь псэупlэ гъэжьакlуэщхуэущ Борис Щэджыхьэщlэр игу къызэрагъэкlыжыр.

- Шыпэныгъэ пхэлъныр, зыр зым зыщlэгъэхъуэныр гугъуехьым дз, бгырыс хабзэхэм щlапlыкlа цlыхухэм, ди дежкlэ. Ди япэ итахэм тхуаухуа зэрызкlэфIыр зэтедвмыгъэхъутэж. Зэманым дкlэуцу дыбэкъуэныбмкlэ лъабжьэфI, щlэдзапlэ хабзэныгэ диIэщ, щlалэгъуалэм я зыужьныныгъэм хуэгъэпсащ иджыпсту республикэ унафэщlхэр зэрыщlалажьэ программэмэхэм я нэхъыбэр, - жиIащ Абдулаевым. - Политикэ партхэм, жылагъуэ зэгуэныгъэхэм хэтхэр хуитщ я епlныкlэр властым деж нахьэсыну, ауэ ар зы жьпхъэ губзыхэм тетыпхъэщ, арэмыхъумэ, эрамым укъыдыкъэу пэкlу зэхэпщэныр хэкlыпlэкъым.

Дызэдаауэ, дызэбгну дыпсэужкlэ тхуэзэфIэкlынур мащlэщ, щхьэж и лжьыгъэ пэрыувэжрэ, игъащlэмэ адыгэ, балъкъэр лъэпкъхэм я кlалэгъуэкlэ хабзэхэм тету псэумэ, мис итlанэщ ди Іуэхур щефIэкlынур. Ветеран псомкlэ къабгъэдэкlыу щlалэгъуалэм захуэгъасэ: Зэдзэныр щыыгъэт, дызыгъэ щlыри, дызэфэ псыри фымыуэщ, ар псомкlэ тхурикъунущ!

Зэпущlэм щыжаIа псори кьалъытэу зохалъхьа резолюцэм и проектым Щlыхьмырзэ Анзор кьеджэри, абыкlэ зэрыарэзыр Іэлэткlэ къагъэзэгъэщащ къызэхуэсахэм.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.
Сурэтхэр
Къарей Элинэ *трихащ.*

Ефэнды Джылахъстэн фэепlть пшыхьыр иregъэкlуэкlI. *Сурэтыр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Юбилей

Дыщэпс хуэмыныкъуэ адыгэлI

«Вагъуэ Плъыжь» орденыр зезыхъэ Нало Аскэрхъан и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу

**Иужь льэхъэнэм, хущlыхьэгъуэ щиГъэт, и закъуэу къыщlынэ зэманэм, Аскэрхъан нэхъ егупсысырей хуэащ и блэкlам, кьикlуэ щэуэгъанэм. И нэгу кьыщlегъэхъэж, уеблэмэ щlэмычуу и пщlыхьэпlэ къыхохуэ и сабиитыгъэ щрихьэкlа Урыхужь и Іуфэр, и щlалэгъуэ-кьару ильэсыкъэм кьыхуэхъуа пщlыпlэ жьжьхъэр. И Іуэхущlэфар, и цlыху хэтыклар, кьызэринэкl Іуэжьыр и гупсысэ-кхъуэанэм щlигъэкlа нэужь, ныкъуэ зымыщlэ зи хабзэ абы и гур нэхъ мамыр мэхъуж: пщlэрэ щlыхьрэ зыпыль, зэрыгушхуэн Іуэху щхьэпэ, Іуэхуфl мыхъумэ, щэуэгъанэ, и ныкъэм гуэр щlыхуищlыжьын льэпкъ и гъащlэ гъэзэуанэ кlыхьым абы эн щlилэжьакъым...

ДУНЕЙР тlэу пкlэгъуэ яжуримыкъуу, сабиитыгъэ дахэ, сабиитыгъэ Іэфl яlэт Аскэрхъани, абы кьыдалъхуахэмэ, и ныбжьэгъу цlыкlуэхэми. Псом хуэмыдэу я абыхэм я Іутlыжьт гъэмахуэм: мажъэ псор Урыхуу Іуфэ щlахьырт псымрэ псыхьэуэм кьыдих салькъыныр зэ щlащмыгъэнщlу. Ауэ хэт и гуГъэнт, Аскэрхъани дэнэ щищlэнт лажьэ-щхьжьу зэгъэгъэгурыкlуэ уиагъуэ кьызэрыгуэкlыж, бынунагъуэ насыпыфIэм, я гущхьэ кьэмыкlыу, имыыгуэ имыбгуу, апхуэдэ Іуэху мыщщхьэпэ, гуэзвэгъуэ я къалъыкъэ уэкlыну.

- Абы щыгъуэ ильэсэ 7-8 сыхьэми арат,- игу кьеГъэжьаж Аскэрхъан. - Жэщыбгум ди бжэм щыгуэр ину кьыетеуIащ. Ди адэр къэтэжьрэ, бжэр Іуихащ. Лищ къщlыхьащ, тlур дымыщlыхуу, зыр ди кьуажэу. «Зыми зывмыгъэхъеIуэ фи пlэм фиIэ,- жиIащ зым - фыкьэтщlынущ». Дэрги, къэхъуар дымыщlэ у, ди щхьэ блэщэ цlыкlу - хуэр шхыIэным кьыщlэ дгъжауэ хэтл догъуэт, хэтл адэкlэ ящlэнут допль. ИтIанэ ди адэм дежкlэ зегъэзэрги ди анэм «Фжесlа мыгъуэтхэ щlыкlэзыльэу аМ жиIэри пэжт: Зэ мыхъуи зэ хьитlыкъхэжьын хуейт и хэкужьым.

Дыкъащащ, арщхьэкlэ зыри яГъэтащ.Абдежым ди адэм кьыжрагъэ «Зыхуапэ», Хьэмырзэ, ди Іуэсэу уиэжlуэнущ». Абы зигъэхьэзырыу ди анэм пlащlэ-тхьытхъыу Іуэымылъэ тlэкlу зэригъэхьэрэ Іащlмыхъащ. Иджапсту хуэдэу си нэгум щlэтщ: щыщlащым кьыззэпlэхьжьри, зэ кьытхэлъэ жат. Сэ хъуфыдыкlыу я хьыфlу, сыкьынлъагъуэт ди адэми, сыбгъэдэлъадэри Іэплlэ кьысхуищlыкащ...

Абы и уижьлъ куэд дэмыкlыу унагъуэм Хьэмырзэ и тхыгъэ кlапlэ кьыlэрыкъыш шхэпс тхылъымплIэр щызэтгъэпщlам дежь хьэрф щыкlыкlэ тетхауэ: «Дунейм теткъым кьыздагъуэ Буэз ямыгъуэм (1937 гъэм си судыр укlкlэ ящlа Нало Жансэхъу и унагъуэр зэрызэсщlэлlам фIэжа».

Хьэмырзэ яГъэтlыса нэужь, Налохэ нэхъ нэмыплъ кьэрат хьуат, цlыхухэр зэхъ тущlыIэ, псэ щlыIэ кьахуэхьуат Апхуэдэт а зэманыр - властым и бий фIащу яГъэтlысам и унагъуэр уи псэмыгъэхъэ зэрыгъэхъуар, уиныр щlынэтlуэт.

Абы и ужьклэ зы ильэсэ, тlуи дэкlащ. Хьэмырзэ и хьыбар зэрамыщlам и гурыгъэщlэм щхьэкlэ зэрыгъэсри ихьу здекlуэкlым, Хэку зауэшхуэр кьэхьеящ. Нэхьыжьыр, Ахьмэдхьэн, а мазэхэм фронтым дэжьащ, зауэм ямыгъэкlуэнкlэ щlынэрти, зы ильэскlэ нэхьыжьу тхьылъ зэригъэпэщри.

Зи щхьэгъуэсэр зыщхьащача анэм, Іу эщlпащу э, а лъэхъэнэм игъэзащlэ ущlэмыущlэ. Сабий быныр Ибии хуейт зикъэ - нэхущlи абыи гуфIэу зи дежи, абыхэми ялъагъунэ я хэкужьгур псэ хьэлэлу и Іэнатlэм зэрыпэрытар», - жиIащ командующэм.

Аскэрхъан кьеежьэжьи и пэ Къэбэрдей-Балъкъэрым тхылъ кьыгъэхьащ, «Полковник Нало ноКlуэкри зыхуейламэ фыкьыдэIэпыкъу» жиIэу иту. Къэсыжа нэужь, партым и обкомым хуэбар кьрагъэщlащ «Жьыщlыхьэфамэ арат», жари. Здэкlуам ящыщкlэращ:

- Уэ, Аскэрхъан, республикэм, адыгэм ди щlыкъыр пlэтащ. Письмо тельыджэ кьыгтlэрыхьащ кьулыкъу щlыщlа округым кьыкlыу. Сыткlэ зэIэпыкъуэгъу дыпхуэхьуфынэ?

- Зыри сыхуейкlым,- жеIэ Аскэрхъан,- унэр схуэхьуэжащ.

- Письмом лэжьапIэкlэ дыбдэIэпыкъуну кьыщдольэурI, Іэнатlэ гуэри кьыпхуэдгъэтащ - Щlэныгъэмкlэ щlыхь министерствэм дэ Іуэхуэсмкlэ инспектору. Абы Іутыр Іудгъэкlынущи ...

Арщхьэкlэ 1965 гъэм, Аскэрхъан Нало Згъэрым и Іэнатlэ фIэкlуэдыну сыхуейкlым, - жиIэри. Икlи а кьулыкъым пэрытыр нэгъуэщI щlыпlэ яГъэкlуэху яхутечыкъым.

Щlэныгъэмкlэ министерствэм ильэс куэдкlэ щылэжьауэ, Аскэрхъан кьелъытэри, МБД-м ящащ, къэрал кlуэщ дзэхэм я республикэ советым хэтыну. Нобэр кьыщlэсми аращ з дэщlыр.

- Аскэрхъан цlыху дыщэщ,- телефонкlэ кьыщжиIащ зауэ я зэманым Кавказ Ищхьэрэр бийм ныжьыхъуа, Налор нужьым Іэдакъэщlа округым и командующэу щыта, Новгород Ищхьэрэм щыпсэу генерал Волков Виталий. - Сэ кьулыкъу зыдэсщlахэм абы нэхъ цlыху пэж, гу кьабзэ, псэкlэ жумарт яхэтэу? сщlэркъым. Дэтхэнэ зыри абы ещlэжу щытамэ, хьэрэгъэшырГэ лъэпкъ зэм дыхэтынутэкъым. ЖыпIэнуракъэ, Хэкум хуэпэжу щытым зэрыхуейм теухуауэ Аскэрхъан и гущlэр щапхъэ хьэлэмэтщ.

Милицэм и ветеранхэм я советым и тхьэмадэм и кlуэдзэу Іуэрыпкъэжьэрэ, Іуэрыпкъэжьэ кьигъанэрыхьам кьэралым кьулыкъу хуэзыщlа нэхъыжьыкlэрэ зыхуей-зыхуэфIкlэ кьызэгъэпэща хъуп папщlэ. Абыхэм сыт и льэныкъуэкlи щlэгъэкlу эн яу окъу, махуэшхуэ экъм щагъэпажьэкlи жьдзэрэу хэтщ.

Дзэ кьулыкъым, жылагъуэ лэжьыгъэм, спорт Іуэхум теухуауэ зэфIэкlыпхъуэ зиIэу зыкьызэпlэгъэпъуа Налом кьыльыкъуэкlащ нэгъуэщI Іэзэгъи. Хэкум хуэпэжу зи гъащlэр кьезыхьэкlа нэхъыжьыкlэхэм ятеухуа, гуф ежуэбыкlэ тхыгъэ хьэлэмэтхэр и кьалэмыпlэм кьыщlокl.

- Нало Аскэрхъан теухуауэ зы мыхъумыщlагъэ гуэр жыпlэну нужь уиныжьи кьохьуIэнукъым,- жеIэ МБД-мрэ къэрал кlуэ дзэхэмрэ и ветеранхэм я республикэ советым и унафэщl Думай Борис. - Ар зи гури зи псэри зэIуха, си псалъэм сыт щыгъуи тебгъуэтэж, щэнхабзэ льагъэ, адыгагъэшхуэ зыхъэпь, пэжыр зи гъуаэр щlыхуу. Си ныбжьыр хэкlуэтащ ильэс 17-кlэ ирокъу щхьэх, еэзэ кьмуэхэпlэ хэр имышlэу, езыр гъэзлеяуэ щlыхь гумыгъагъэщ, пщэрыль кьыщащlа Іуэхур и кlэм нимыгъэсауэ етlысэхьынукъым, Зыгуэрым и гуапэ ищlа, Іуэху щхьэпэ гуэр зэфIигъэкlа нэужь, абы дзэм и Іуэхуу щlэзгъэкlа и кlэм нимыгъэсауэ етlысэхьынукъым, Зыгуэрым и гуапэ ищlа, Іуэху щхьэпэ гуэр зэфIигъэкlа нэужь, абы дзэм и Іуэхуу щlэзгъэкlа и кlэм нимыгъэсауэ етlысэхьынукъым. Щlэнэрэ, Іуэрыпкъэжьэ щlымыкlэ зэманым орден кьыгъэтын щхьэкlэ зэфIэкlыпхъуэ уиIэн уиуэ я кьыщlэкlынщ. Аскэрхъан кьыхуагъэфIащащ «Вагъуэ Плъыжь» орденымрэ медалу 20-кlэ нысэрхьэсэгъэ. Мы маухуэкlэм ящlэнэрэ 80 ирокъу ди щынэхъыжьыфIым и ныбжьыр, цlыху мин зыбжанэ зыхэт ди ветеран организацэм и цlэкlи, си щхьэкlи сохьуэхьу и уэзыншагъэкlэ гукъеуэ я имыIэну, куэдрэ кьыщдэлажьэну, и бынхэм я гуфIэгъуэ і Іащэ и ильагъуну.

Унагъуэ дахи иIэщ Аскэрхъан. И щхьэгъусэ Валентинэрэ абырэ пхъунтI эдапlащ: Дахэжанэ Диси егъэджакlуэхэщ, зыхэт гупхэм пщlэ, нэмыс щаIэщ.

... «Дыщэр дыщэпс хуэзыныкъуэкlыж»,- жи псалъэжьым. Щэч хэмылъу, Аскэрхъан х уэдэ гу эрщ ар ди адэжьхэм щlыжаIэу щытар. Си щхьэкlэ насыпифIэу собж а лIыр. Щlэзбжьэр зыгуэр кьыгурыIуэ зэрыхьэрэ зы дакъикlи емыгупсысу и Іащlэр щхьэзыхьэх зыхуищlыну хьэзыр, и псэм щыщlыхьэу ибж и хэкум, кьызыхэпа адыгэ льэпкъым хуиIэ фIыльагъыныгъэр, зэнэзэнпсу зэрыщlыхьу кьабзэрщ, и дуней тетыкlэр зэрыдагъэкlр, и цlыкlугъэр, адыгагъэр Іущхьэмахуэ хуэдизу зэрыльагъэщ.

МЫЗ Ахьмэд.

ЭКОНОМИКЭ ПОЛИТИКЭ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

НэхъыфІым щыгъыурэ

● НАТО

НАТО-м хэт къэралхэм хэку щІыб Іуэхуэкмкіэ я министрхэр Брюссель щызэІущІа науэ, а зэгуэныгъэм и Секретарь нэхъыщхьэ Андерс Фог Расмуссен жиІат альянсым хэт къэрал 26-м иджыри я нэхъ мащІэрауэ зауэлІ мини 7-м нас Афганистаным ягъэхКуэну. Абы и псалъэхэм къызэрикІымкІэ, «апхуэдэ зекъуэтыныгъэм Афганистаным и Іуэхуэхэр псынщІэу иригъэІэкІуэжынущ».

ИНДЖЫЛЫЗЫМ къэрал щІыб Іуэхуэкмкіэ и министр Милибэнд Дэвид и макъыр куэдкІэ «нэхъ ину етъаІуэ:

- СызэрегупсысымкІэ, дэтхэнэри езыр зэуупщІыжьын хуеиІу: «Афганистаным щекІуэкІ зауэр екъуЛэныгъэкІэ иухын папщІэ,—сэ схуэзэфІэкІ псори злэжьауэ пІэрэ?» - жиІэу, тегушхауэ ирет абы чэнджэщ дуней псом.

Арщхьэкіэ, Афганистаным щагъэзауэ щІыбу бжыгъэм хагъахъуэным альянсым хэт къэрал псори щІэхъуэпсыр пщІы зэфэзэщІ. Псалъэм папщІэ, Франджым зыхъумэжьыныкІэ и министр Кушнер Бернар мыраш жиІэр а Іуэхум теухуауэ:

- Нэхъыщхьэр - сэлэтхэм я бжыгъэракъым, атІэ ахэр зыпсынкъэщ къаланым и мыхьэнэрац. Дэ ди зауэлІ бжыгъэу абы щыІэр къыдэхуэжу ирокъу.

Брюссель щекІуэкІа зэІущІэм къыщыщипсалъэм, США-м и къэрал секретарь Клинтон Хиллари наІуэ къиІщІу я президент Обамэ Барак Афганистаным екъэлІауэ къыхэпсуждыгъэ ІуэхугъуэщІэхэр зыхуэдэр. Абы нэхъыщхьэу хэлъРащи, а къэралым и зауэлІу щыІэм я бжыгъэм иджыри щІыху мин 30 США-м хегъахъуэ. Апхуэдэ щІыкІэкІэ, Афганистаным абы я зауэлІу щыІэр мини 100 ирокъу. КъищынэмыщІауэ, альянсым хэт адрей къэралхэми я сэлэтрэ офицеру щІыху мин 39-рэ а щІыналъэ гуІэжьым щозауэ. А зэхъуэкІыныгъэмрэ а бжыгъэхэмрэщ Клинтон Хиллари гугъапІэ къеъсатри щІыпІэ жьжьэм, я хамэм щызэхаубла зауэм фыкІэ я дежь зыкъыгъэзэну.

НАТО-м и зауэлІу Афганистаным щыІэм я бжыгъэм хагъахъуэу зэрыщэхахыу, «Талибан»-м абыхэм ярищІыкІэ зэхэуэхэр нэхъ гуащІэ ищІащ.

